



Pou Piblikasyon Imedya: 26/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ LANGAJ KÒD ENSANDI KI REPONN AK REKÒMANDASYON GWOUP TRAVAY ENTÈ AJANS SOU SEKIRITE ENSANDI A

*Pwojè langngaj kòd la gen chanjman pou amelyore kowòdinasyon ak preparasyon pou ijans*

*Li pral avanse kwasans san danje ak fyab kapasite estokaj batri, yon eleman enpòtan nan tranzisyon enèji pwòp la*

*Gwoup travay la te kreye pou amelyore estanda sekirite pou sistèm estokaj enèji batri yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a mizajou nan Kòd Ensandi New York la ki gen pwojè langaj kòd pou reponn ak rekòmandasyon Gwoup Travay Entènajans sou Sekirite Ensandi Gouvènè a. Pwojè langaj kòd la gen ladan mizajou ak ogmantasyon pou amelyore kowòdinasyon, sekirite ak preparasyon pou ijans nan planifikasyon pwojè estokaj enèji yo. Pandan endistri sistèm estokaj enèji batri (battery energy storage system, BESS) a ap evolye, rekòmandasyon yo pwopoze yo pral avanse kwasans san danje ak fyab epi serye nan kad kapasite BESS ki enpòtan pou tranzisyon enèji pwòp la.

"Estokaj batri se yon eleman kle pou konstwi yon ekonomi vèt isit la nan New York, epi nou te fè efò konplè pou asire bon jan estanda sekirite yo anplas", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Avèk mizajou kòd ensandi, n ap asire tranzisyon enèji pwòp New York la fèt san danje epi yon fason responsab."

Gouvènè Hochul te konvoke Gwoup Travay la an 2023 pou asire pwoteksyon ak sekirite sistèm estokaj enèji a, apre ensidan dife nan etablisman nan Konte Jefferson, Orange ak Suffolk. Gwoup Travay la te responsab pou egzamine yon fason endepandan dife nan etablisman estokaj enèji ak estanda sekirite yo epi kreye yon pwojè Rapò Rekòmandasyon Kòd Ensandi (Fire Code Recommendations Report).

Nou envite pati ki enterese yo pou yo soumèt kòmantè ki gen rapò ak pwojè langaj kòd la atravè pwoesis Avi Règleman Ankou Elaborasyon (Notice of Rule in Development) ak Depatman Deta New York disi 24 septanm 2024. Gade Règleman Ankou Elaborasyon an.

Rekòmandasyon yo pwopoze yo enkli:

- Mande revizyon kamarad endepandan ki finanse pa endistri a pou tout enstalasyon BESS ki depase sèy kapasite enèji ki etabli pou batri lityòm-ion yo;
- Mande ke pèsonèl ki kalifye oswa reprezantan ki gen konesans sou enstalasyon BESS yo disponib pou deplwaye nan espas 15 minit epi ki kapab rive sou plas nan kat èdtan pou bay sipò bay sekouris ijans lokal yo nan ka yon dife BESS.
- Elaji egzijans siyal sekirite odela inite BESS li a limenm pou enkli kloti perimèt oswa baryè sekirite epi enkli yon kat sit la, patiraj BESS, ak ekipman ki asosye yo.
- Retire egzanpsyon Kòd Ensandi a pou pwojè BESS posede oswa opere yo pa sèvis publik elektrik pou asire ke tout pwojè yo konfòm ak Kòd Ensandi a.
- Sa enkli yon egzijans pou chak etablisman BESS ekipe ak yon Plan Repons pou Ijans (ERP) epi mande pou yo ofri fòmasyon espesifik lokal pou depatman ponpye lokal yo familyarize yo ak pwojè a, danje ki asosye ak BESS, ak pwosedi ki dekri nan ERP a.
- Enkli yon egzijans Kòd Ensandi nan tout enstalasyon BESS yo pou siveyans sistèm deteksyon dife pa yon sistèm alam sèvis estasyon santral pou asire ke depatman ponpye lokal la avize alè ak yon fason apwopriye si gen yon alam dife.
- Entwodwi yon nouvo dispozisyon nan Kòd Ensandi a ki mande enspeksyon espesyal ki finanse pa endistri regilye pou enstalasyon BESS yo pou asire sekirite ak konfòmite yo.

Gwoup Travay la ap kolabore ak laboratwa nasyonal yo ak lòt ekspè nan domèn lan k ap mennen nan peyi a pou revize tout kòd ki egziste deja ak pwosedi tès ki gen rapò ak devlopman ak elektrifikasiyon sistèm estokaj enèji batri yo epi kreye yon pwojè Rapò Rekòmandasyon Kòd Ensandi. Nan kòmansman ane 2024 la, NYSERDA te mande kòmantè publik nan men ekspè nan domèn lan ak moun ki enterese yo pou yo bay opinyon sou Rapò a. Gwoup Travay la te resevwa, revize ak enkòpore kòmantè yo kote li te apwopriye.

Gade rekòmandasyon final [Gwoup Travay la](#).

**Sekretè Deta Walter T. Mosley, te deklare**, "Batri lityòm-ion ak enstalasyon estokaj enèji jwe yon gwo wòl nan travay New York pou atenn objektif enèji pwòp nou yo. Gouvènè Hochul te rekonèt enpòtans pou mete estanda sekirite apwopriye yo an plas pou nouvo teknoloji sa a, men ki enpòtan, epi pwojè langaj sa a ki baze sou rekòmandasyon Gwoup Travay Gouvènè a pral ede asire operasyon an sekirite enstalasyon sa yo alavni."

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare**, "DHSES sipòte rekòmandasyon Gwoup Travay la ak enklizyon kòd ak pwosedi

dife aktyalize pou nou kapab kontinye ede pwoteje lavi ak pwopriyete lè yo sèvi avèk pratik, ekipman ak teknoloji modèn."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la, Doreen M. Harris, te deklare**, "Pandan n ap avanse nan direksyon yon avni enèji pwòp, amelyorasyon kòd sa yo, si yo adopte yo, pral enpòtan anpil pou amelyore rezistans ak efikasite rezo New York la pandan y ap prioyize sekirite pou Nouyòkè yo. NYSERDA felisite Depatman Deta New York paske li te pran aksyon rapid pou avanse rekòmandasyon Gwoup Travay Entènajans sou Sekirite Ensandi Gouvènè a, epi li espere kolaborasyon kontinyèl ak lòt ajans eta yo pou amelyore sekirite ak estandardize pi bon pratik pou ranfòse New York kòm yon lidè nasyonal ak entènasyonal nan sekirite ensandi ak nan sistèm estokaj enèji estasyonè."

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation) la, Sean Mahar, te deklare**, "Rekòmandasyon milti-ajans Eta New York pou amelyorasyon planifikasyon ijans, pataj enfòmasyon, ak lòt prekosyon pral enpòtan pou ede asire kominate yo pare pou potansyèl ensandi yo. Estokaj batri a se yon eleman enpòtan pou ede atenn objektif klimatik anbisye Eta a epi evalyasyon solid ak chanjman k ap fèt yo pral avanse amelyorasyon nan alafwa operasyon ak sekirite publik."

**Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare**, "Etandone enpòtans pou pwoteje publik la, Depatman an pral kontinye travay li pou asire sekirite a vin an premye pandan n ap wè deplizanpli enstalasyon estokaj batri vin operasyonèl. Nou bat bravo pou efò konwen sa a pou anpeche ak bese potansyèl ensidan dife nan sant estokaj enèji sa yo."

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 poustan, avèk yon objektif 40 poustan, nan avantaj envestisman enèji pwòp yo ale nan kominate defavorize yo. Gide atravè kèk nan inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, New York ap fè avanse yon seri efò – ki gen ladan pwogram New York Cap-and-Invest (NYCI) ak lòt politik konplemantè – pou diminye emisyon gaz lakòz efè tèmik a 40 poustan rive 2030 ak 85 poustan rive 2050 pa rapò ak nivo ane 1990 yo. New York sou wout tou pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 poustan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt ap sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la apati 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 poustan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè

ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout novo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plise pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, plis pase 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)